

## Règleman 5.018 – Enskripsyon Biblik (Limite) Kontwole

### 1. Enskripsyon Biblik kontwole

- a. Konsèy Egzekitif lekòl la adopte règleman sa a pou amelyore kod § 1002.31 Eta Florida ki gen rapò avèk Enskripsyon Biblik Kontwole (*Controlled Open Enrollment*), oswa pwogram COE. COE ki ofri paran ak responsab legal timoun k ap antre nan klas jadendanfan rive douzyèm ane (K-12), yon opòtinite pou enskri nan yon lekòl ki pa nan zòn lakay yo, k ap kòmanse ane pwochèn. Apati dispozisyon sa a, paran/responsab legal ki aktyèlman abite nan nenpòt distri lekòl nan eta Florid, kapab chwazi pami yon lis lekòl distri a idantifye ki pa gen maksimòm elèv daprè règleman ki bibliye a; sijè avèk yon limit maksimòm elèv ki elijib pou klas la.
- b. Konsèy Egzekitif Lekòl la te delege responsablite, atravè Sipèntandan an, nan Depatman Lekòl Ochwa ak Opsyon pwofesyon otorite pou jere pwosedi enskripsyon biblik kontwole a jan sa dekri nan règleman pi ba a.

### 2. Dimansyon Limite

Règleman sa a pa gen entansyon pou l dirije tach yo daprè règleman 5.0 anba Seksyon (1)(c)(e), règleman 5.015 (redistribisyon Elèv), Seksyon (5), ak 5.016 (Lekòl Espesyalizasyon ak Pwogram), oswa lòt tach anba akò kolektif aplikab, oswa pwogram transfè espesyal legal tankou Pwogram Opòtinite bousdetid oswa Bousdetid McKay pou pwogram elèv andikape. Se tèm Akò aplikab la, règleman, oswa estati legal yo k ap kontwole transfè ki fèt anba Akò a. Elèv ki aktyèlman anba sispansyon oswa lòd ekspilasyon pa elijib pou patisipe nan yon pwogram enskripsyon biblik kontwole.

- a. **Klas matènèl (Pre-K):** Akoz pre-k se pa yon pwogram obligatwa, opsyon enskripsyon biblik kontwole pa disponib pou elèv pre-K.
- b. **Lekòl Biblik semi Prive:** Règleman sa a pa adrese pwosedi enskripsyon jeneral kontwole pou lekòl semi Prive yo ki oblige obeyi anba pwovizyon ki gen rapò avèk yo atravè règleman § 1002.31 eta Florid.

### 3. Kritè Patisipasyon

Sou seksyon (a) ak (b) anba yo se kritè patisipasyon nan Enskripsyon Biblik Kontwole a:

- a. Yo dwe idantifye lekòl yo pwopoze pou resevwa elèv daprè lis Distri a apwouve pou Enskripsyon Biblik Kontwole yo paske li pa rive nan kapasite 90% elèv daprè Envantè sou Efektif lekòl Florid (FISH) la kòm sa dwe ajiste daprè pwogram espesifik oswa konsiderasyon plan yo. Lis sa a dwe bibliye sou sit entènèt Depatman Lekòl Ochwa ak Opsyon pwofesyonèl Distri a. Depatman Planifikasyon ak Relasyon

Entègouvènmantal ap konbine espesifikasyon, plan, eleman, ak angajman ki genyen nan plan enstalasyon edikatif Distri Lekòl la ak rekòmandasyon pwogram travay alontèm ki fèt anba règleman Eta Florid § 1013.35, menm jan avèk konsiderasyon lòt plan tankou antisipe devlopman enskripsyon an ak chanjman tanporè zòn delimitasyon lekòl yo nan yon kapasite yo detèmine.

- b. Elèv ESE yo elijib pou aplike pou tout pwogram ak lekòl ki elijib yo enkli COE. Si yo aksepte yo nan lekòl la, yon ekip IEP dwe reyini pou asire IEP kapab egzekite.

#### **4. Pwosesis Plasman atravè Enskripsyon Biblik Kontwole**

Pou fè demann plasman elèv atravè Enskripsyon Jeneral Kontwole, fò genyen yon aplikasyon depoze nan Depatman Lekòl Ochwa ak Opsyon pwofesyonèl. Aplikasyon an enkòpore la a kòm yon pati règleman sa a yo kapab jwenn li nan paj [www.mypbchoiceapp.com](http://www.mypbchoiceapp.com). Enfòmasyon sou kòman pou ranpli epi soumèt yon aplikasyon ki disponib sou sit entènèt Depatman Lekòl Ochwa ak Opsyon pwofesyon nan: <https://www.palmbeachschools.org/choiceprograms>.

Yo espere dat aplikasyon pou Enskripsyon Biblik Kontwole se dezyèm lendi mwa avril rive dezyèm lendi mwa me, amwenske Depatman Lekòl Ochwa ak Opsyon Pwofesyon pibliye lòt enfòmasyon sou sit entènèt li a. Aplikan ki seleksyone lekòl ki deja resevwa plis aplikasyon pase plas ki disponib ap patisipe nan yon tiraj osò avèk lojisyèl yon devlopè endependan pwogram. Aplikan ki aplike pou plis pase yon lekòl y ap konsidere l pou chak lekòl ki pibliye pa òd preferans. Demach ki fèt atravè pwosesis COE ap pran fen nan dènye ane akademik la.

Si yo refere yon elèv nan yon lekòl atravè COE e ki pa enskri nan yon delè dis (10) jou avan kòmansman ane akademik la, COE ap retire plas elèv la epi li p ap konsidere elijiblite nan COE pou ane akademik sa a. Elèv ki pa enskri nan yon lekòl atravè COE elijib pou reaplike pandan pwochen sik aplikasyon an.

#### **5. Preferans Pandan Pwosesis Seleksyon pou Plasman atravè pwogram Enskripsyon jeneral Kontwole**

Lwa Eta Florid § 1002.31 mande pou distri lekòl yo founi enfòmasyon sou tretman preferansyèl yo bay nan pwosesis enskripsyon piblik kontwole pou elèv ki obeyi anba kritè anba yo: (Verifikasiyon ap oblogatwa)

- a. Depandan pèsonèl militè ki aktivman nan sèvis lame e ki demenaje akoz lòd militè;
- b. Timoun ki relokalize pou ale nan yon fwaye adopsyon ki diferan avèk zòn lekòl yo;

- c. Timoun ki demenaje akòz yon desizyon tribunal ki chanje responsab la akoz separasyon oswa divòs, oswa maladi sevè oswa lanmò yon paran responsab.
- d. Elèv ki rezide nan Rejyon Palm Beach.

Aprè yo konsidere tout elèv ki respekte kritè anlè, y ap bay elèv yo preferans ki suiv kritè anba yo:

- e. Frè ak sè elèv ki deja frekante pwogram nan epi k ap kontinye frekante lekòl yo mande a pou ane pwochèn.
- f. Frè ak sè\* ki aplike ansanm nan menm lekòl.

\**Lyen fratènèl defini kòm frè, sè, demi frè, demi sè, bòfrè, oswa bëlsè, ki abite nan menm kay. Verifikasiyon ap obligatwa.*

Konfòmeman ak règleman 5.001konsèy egzekitif lekòl la—Pwoteje elèv yo kont anmèdman ak Diskriminasyon, Komite Lekòl la pa dwe fè diskriminasyon kont okenn demann elèv ki vle yo konsidere l pou Enskripsyon Jeneral kontwole.

## 6. **Objektif Enskripsyon an**

Yon Plasman atravè pwogram Enskripsyon Jeneral Kontwole a dwe rete efektif jiska dènye klas ki disponib nan lekòl la. Elèv ki enskri yo pa ka kontinye nan pwosesis eneskripsyon an nan yon lòt lekòl amwenske yo deja deziye lekòl sa a pou li atravè pwogram Enskripsyon Piblik Kontwole.

Elèv yo voye nan yon lekòl atravè COE pa otomatikman jwenn dwa pou antre nan pwogram Ochwa nan lekòl la amwenske yo satisfè konsidarasyon elijiblite a epi genyen kapasite nan lekòl la aprè plasman elèv nan lis datant pou yon pwogram espesyalizasyon patikilye.

## 7. **Notifikasiyon**

Paran/responsab legal yo ap resevwa enfòmasyon sou estati aplikasyon an ak pakou pwosesis la pa nòt nan imèl ak/oswa sèvis lapòs Ameriken (USPS).

## 8. **Transpò**

Yo p ap bay transpò pou elèv yo aksepte nan lekòl la atravè Enskripsyon Piblik Kontwole.

## 9. **Apèl**

Yo kapab konsidere Apèl pou difikilte ekonomik sèlman. Pwosesis la pi defini nan Règleman 5.015 Konsèy Egzekitif lekòl la sou transfè elèv.

## **10. Efè sou Aktivite ekstra kourikoula yo**

Plan Enskripsyón Piblik Kontwole Distri a (COEP) ap suiv règleman ak pwovizyon estati § 1002.31 Asosyasyon Atletik Lekòl Segondè Florid yo (*Florida High School Athletic Association*) (FHSAA) konsènan enskripsyón jeneral kontwole ak replasman elèv. Enfòmasyon an disponib sou [www.fhsaa.org](http://www.fhsaa.org).

## **11. Retou Volontè nan lekòl yo plase elèv la oswa Distri a**

Sou demann, yon elèv dwe jwenn pèmisyon pou l retounen nan lekòl ki desèvi zòn lakay li oswa zòn daprè distri a; men, li rekòmande pou elèv la retounen nan fen peryòd pou nòt li yo oswa trimès, amwenske gen yon sikorans enkontwolab ki rive.

OTORITE JIRIDIK:	Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1001.41(1) & (2); 1001.42 (28)
EKZEKISYON LWA:	Fla. Stat. §§ 1002.31; 1001.32(2); 1001.41 (5) & (6); 1001.42(4) (a); 1001.43 (6); 1002.20 (6) (a)
ISTWA:	New 12/07/2016

### RÈGLEMAN KI RAPWOCHE:

- Policy 5.01 Plasman elèv
- Policy 5.015 Replasman elèv
- Policy 5.016 Lekòl espesyalizasyon ak Pwogram